

Chitsauko 7

Dudziro yeshanu

MuGwenga inzvimbo yokugadzirira

*“Inzwi rounodanidzira, achiti :
gadzirai murenje nzira yaJehova,
Ruramisirai Mwari wedu mugwagwa musango.”*

(Isaya 40:3)

Mumakore akapfuura ndaishumira ndiri muneimwe Kereke yaiva duku kwazvo, zvokuti yaisagona kundipa muripo wokushumira kwangu. Nokudaro ndakanotsvaga basa paneimwe kambani yayiita zvokupenda dzimotokari. Ndaingoita basa raisemwa navamwe, sokushambidza zvimbuzi, kutsvaira muchitoro nokutumwa navamwe kunotenga zvokudya.

Basa rangu guru raiva rokugadzirira dzimota dzaida kupendwa . Ndaitwasanudza simbi dzakatsveyama, kuvharidzira pasingapendwe, nenzvimbo inofanirwa kupendwa yacho. Mota yaperu kupendwa ndaizoigeza, kugadzirira kuzotorwa nomuridzi wayo . Nguva dzose aitendwa ndiye ainge apenda kwete ini ndagadzirira . Ndaitaurwa neni chete kana paine pandakanganisa pakugadzirira.

Waipenda ndiye waishandira mberi kwechitoro, achikwaziswa navanhu vakawanda, nokufara nemuridzi wekambani . Ini ndaishanda ndiri pakawanda pasina anotaura neni, ndichinhuhwirwa nependi .Ndiri pabasa apa , ndipo pandakadzidza kuti, waipenda kunyangwe waiva nehunyanzvi hwakadii ,basa guru raiva rokugadzirira. Nokuti ndikasagadzirira zvakanaka , zvaipendwa hazvaibuda zvakanaka. Nokudaro basa guru raive mukugadzirira.

Ndinodaira kuti urikunzwisisa zvandinoda kureva. Basa rokugadzirira kunyangwe risingafadze asi ndiro rinokosha zvikuru ! Kunyangwe basa rokupedzisira riri iro rairumbidzwa, gadziro yaitora nguva yakareba kunyangwe isina aiona, yaizoita kuti basa iri ribude zvakanaka . Pasina kugadzirira hapana chinobuda zvakanaka . Zvinogona kuva zvimwechete zvo nohupenyu hwako !

Chidimbu chokupedzisa

Watiwamboona banga rinocheka here ? Kazhinji rinenge riri duku , rinobatika, richipinza chaizvo. Basa raro kucheka nyama kana michero inenge iine ganda rakaomarara, kana ramenya ganda kana kuvhiya unonyatsoona kuti raita basa raro zvakanaka. Uku ndiko kunyatso gadzirira zvokudya kwaungaita. Zvichida Mwari ndizvo zvaanoda kuita muhupenyu hwako, panguva yaunenge uri mugwenga, kukutanhaura zvose zvinenge zvichikutadzisa kuvaka hukama hwakanaka Naye. Jesu Kristu akati: “ *davi rimwe nerimwe ririmandiri, risingabereki zvizbereko, vanoribvisa; rimwe nerimwe, rinobereka zvizbereko, vanorinatsa, kuti riwedzere zvizbereko*” (**Johane 15:2**)

Usarega kutenda zvawakavimbiswa, mukurwadziwa ikoko, paunenge uri panguva yokutambura . Kutanhaurwa kunoita kuti unatswe , nezvizbereko zvako zvive zvinowedzerwa. Waive nezvizbereko panguva yakapfuura, uchava nazvo zvizbereko zvakawandisa munguva inotevera, kana uchinge wapfuura nemugwenga, maunogadziridzwa . Ipa mukana kunaMwari yokukugadziridza, iwe uchibvumirana Naye pahurongwa Hwake.

Gadziriro yenzira yemurenje

Isaya akati “ *Ruramisirai Mwari wedu mugwagwa musango*” (**Isaya 40: 3b**)

Zvichida Mwari wakakuisa mugwenga kuti ugadzirire nzira Yake. Pangangove nezvimwe zvinoda kuitika muhupenyu hwako, zvinodiwa naMwari kuti ugadzirire zvisati zvaitika. Kazhinji Mwari anotibvisa paruzhinji, otiisa kure nezvatinenge tichiita, kuti awane mukana wokuti-swededza pedyo Naye, tigowana zvirinani .

Rimwe gore murume anonzi Jack Taylor wakandidzidzisa kunamata achiti: “ *Mwari itai zvose zvamunoda kuita mandiri, kuti kuda kwenyu kuitwe.*” Ndinokurudzira munamato wakadai kwauri. Mwari haatadzi kupindura munamato wako. Isaya wakaenderera mberi achiti: “ *Mipata yose ichazadzwa, makomo ose nezvikomo zvose, zvichaderedzwa; panamakorongu pachaenzaniswa; pasakaenzana pachaitwa bani; kubwinya kwa Jehova kucharatidzwa, nyama yose ichazviona pamwechete: nokuti muromo waJehova wakataura izvozvo*” (**Isaya 40:4-5**)

Kuva murenje kunotarisirwa pasi navanhu vanohupenyu hurinani. Asi ndiyo nzvimbo inowanzowanikwa Mwari . Zvinokoshore Mwari kushandisa zvinhu zvisinamature mukuona kwedu, nokuzvishandura zvova zvinokosha. Ndinokukuridzira kuti usatarisire pasi nguva yakadai.

Ndinorangarira Naomi munguva yokusuwa kwake, pakwaive nenzara nokurasikirwa. Kuoma kwekunze nenzara zvakamuita kuti aende kunyika ye Moabu, ikoko murume navana vake vakashaya, akasara aine varoora vake vaviri, vaive zvizvarwa zvemuMoabu. Paakafunga zvokudzokera kuIsraeri, Rute muroora wake, wakaramba kumusiya, Naomi akaudza Rute kuti: *“Mungavamirira kusvikira vakura here ? mungaramba kuwanikwa navamwe varume naizvozvo here ? Kwete, vana vangu, nokuti ndineshungu kwazvo nokuda kwenyu, nokuti ruoko rwaJehova runorwa neni.”* (**Rute 1: 13**)

Kurwadziwa kwa Rute kwakakonzerwa kuti ataure zvinopesana nekufunga kwaMwari, nokuda kwehupenyu hwake. Chokwadi ndechekuti Mwari, haana kumuranga nokuda kokufirwa navana pamwe nomurume wake, kunyangwe nenzara kana kuomerwa kwaive nako, asi kutoti akafambiswa mukuomerwa achinoiswa pachinzvimbo chokukudzwa nokuropafadzwa.

Pakupedzisira Naomi wakazogara zvakanaka, mushure mekunge Rute ave mukadzi waBoazi, muimba yehuMambo. *Nguva yake yokuoemerwa yakaratidza kuva nzira yokugadzirirwa hupenyu hunouya. Pauro unotaurawo achiti, “ Nokuti ndinoti, madambudziko enguva ino haana – kufanira kuenzaniswa nokubwinya kuchazoratidzwa kwatiri.”* (**VaRoma 8:18**)

Zvinhu hazviratidzike sokuona kwatinozviita

Ndine nyaya yengirozi mbiri , dzakashanyira mumwe murume, waive mupfumi, dzikarara pamusha pake. Mhuri iyi yaizvikudza, haina kuda kupa ngirozi idzi pokurara pakanaka . Asi vakaita kuti ngirozi dzirare mukakamuri kaduku, kaive nechepasi, munotonhora . Padzaigadzirira kurara, ngirozi huru yakaona kamwena kaive muimba iyi, ndokubva

kainama. Imwe ngirozi duku yakabvunza, kuti sei ainge anama mwena uyu , ndokupindura achiti “*zvinhu hazviratidzike sekuona kwatinozviita .*”

Husiku hwaitevera ngirozi idzi dzakasvika panemumwe musha waiva nomurume nemukadzi, ava vanhu vakagamuchira ngirozi nomufaro pamusha wavo, kunyangwe vaiva varombo . Vakavapa zvokudya zvizhoma zvavaive nazvo, ndokuvatendera kuti varare muimba yavo yavanoshandisa ivo savaridzi vomusha .

Pavakamuka mangwanani, ngirozi dzakaona mhuri iyi ichichema. Mombe yavo imwe chete yaivararamisa, nokuda kwemukaka , yainge yafira mudanga . Ngirozi duku yakatsamwa , ikabvunza kunemumwe wayo, kuti sei yainge yatendera kuti zvakadai zviitike pamusha uyu, wavainge vabatwa zvakanaka,kudarika pamusha wavainge vatanga kusvika ? Ngirozi huru yakapindura ichiti, zvinhu hazviratidzike semaonero atinozviita. Ndakaona mwena mukamuri yemba yatakapihwa pakurara, kuti maichengetedzwa goridhe. Sezvo muridzi wemba akatiitira hutsinye asingadi kutipawo pokurara pakanaka, kunyangwe kuda kugoverana nezvaaiva nazvo, ndapfiga mwena iwoyo kuti aushaye.

Zvino husiku hwanhasi takarara , ngirozi yerufu yashanyira musha uno, ichida kuuraya amai vepamusha pano , ini ndokusairira rufu kumombe . Unoona, zvinhu hazviratidze semaonero atinozviita. Bhaibheri Shoko raMwari rinotivimbisa kuti; “ *Tinoziva kuti zvinhu zvose zvinobatirana kuti zviitire zvakanaka avo vanoda Mwari, avo vakadanwa sezvaakafunga.*” (VaRoma 8:28) Chokwadi, vimba naMwari muhupenyu hwako !

Ndakambotsanangura pamusoro pekudanwa kwavadzidzi va Ishe Jesu Kristu, panguva yavaifanirwa kuzorora varimurenje. Vakaona hushumiri hunoshamisa vasati vapinda mugwenga. Vakazoita hushumiri hunopfuura hwokutanga, vabva mugwenga. Kubva panhoroondo iyi tinoona kuti hupenyu hwevadzidzi hwakasimbiswa mushure mokunge vabva mugwenga . Zvinozviita here kuti, kana uri kurarama mukuomerwa panguva ino, Mwari anokugadzirira kuti akuise panechimwe chikamu chokubwinya ?

Sezvatakamboverenga, Johane Mubapatidzi wakagara mumarenje, kusvikira zuva rokuratidzwa kwake kuva Israeri. Ndinodavari kuti akambozvibvunzawo kuti waizorarama kwenguva yakareba zvakadii ari mugwenga munopisa kudaro, achimaranzurwa nemhashu munyika yakashata yakazara namatombo, isina kana nemumvuri zvawo.

Ndinodavira kuti naMosesi waishungurudzika paaifudza makwai ari munyika ye Midiani, na Pauro paaive musuki wamatehwe, zvichida aingozvibvunzawo kuti aizowanawo mukana wokuparidza Vhangeri here.?

Ndinofunga zvimwechetewo zvakafungwa naJosefa ari mutorongo munyika ye Igipita, Davidi ari mubako re Adullam, kunyangwe Danieri ari muBabironi. Zvinoratidza kuti Mwari haatisiye panguva dzatinenge tichifamba munguva yerima, mukuomerwa, kudzikisirwa, nokupererwa pamweya yedu .

Hausi woga hama yangu, tarisa vanhu vazhinji, vakafamba nevari kutofamba mukuomerwa, ndivo mhare yake. Mwari mumazuva aakatara, achakubvisa munyika yokuomerwa achikusvitsa munyika yokuropafadzwa.